



Pou Piblikasyon Imedya: 26/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

ANVAN WIKENN JOUNEN MEMORYAL LA, GOUVÈNÈ HOCHUL AKEYI VIZITÈ YO NAN PLAJ ETA YO AK ENFÒME NOUYÒKÈ YO SOU PWOTOKÒL SEKIRITE POU REKEN KI ANKOU YO

Etablisman natasyon yo ouvri atravè Eta a nan wikenn Jounen Memoryal la pou Nouyòkè yo itilize ak jwi

Aprè dènye reken yo te wè yo, Gouvènè a te ranfòse pwotokòl siveyans ak sekirite pou pwoteje Nouyòkè yo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a ankouraje Nouyòkè yo ak vizitè ki soti nan eta vwazen yo pou yo jwi pak eta, plaj, santye ak sit istorik yo atravè New York nan wikenn Jounen Memoryal sa a. Anpil plaj pak eta yo pral ouvri pou premye fwa sezon sa a, epi Espektak Aeryen Bethpage anyèl la nan Jones Beach ki pral dewoule samdi ak dimanch, Gouvènè Hochul te ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran bonjan prekosyon sekirite toupre dlo, ki gen ladan mezi pou rete an sekirite kont reken ak lòt lavi maren ki kapab danjere.

"New York gen kèk nan pi bon plaj sou kot lès la epi wikenn sa a se moman pafè pou soti epi jwi esplandè natirèl eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap selebre wikenn long lan, li enpòtan pou Nouyòkè yo rete vijilan pou reken yo epi sonje pi bon pratik sekirite nan dlo pou sezon ete a ka an sekirite, amizan epi agreyab pou tout moun. Mwen ankouraje chak Nouyòkè pou yo soti nan wikenn sa a, vizite yon pak eta, epi fè eksperyans bote lanati avèk zanmi ak fanmi yo."

Anpil plaj ak pisin pak eta nan tout eta a ap louvri wikenn Jounen Memoryal sa a. Orè yo ap varye selon pak la. Tcheke estati sitwèb Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) [isit la](#). Pifò ladan yo ouvri wikenn sèlman jiska mitan mwa jen. Sa annapre yo pwograme pou yo ouvri wikenn sa a.

Long Island

- Jones Beach
- Robert Moses
- Hither Hills
- Sunken Meadow

New York City

- Gantry Plaza (fontèn vapè dlo)
 - Riverbank (pisin ouvè nan lè nòm)
- Mid-Hudson
- Lak Taghkanic
 - Plaj Lak Tiorati
 - Plaj Lak Welch
 - Lak Rockland
- Distri Kapital
- Lak Grafton
 - Lak Moreau
 - Lak Thompson
 - Taconic SP
- Mohawk Valley
- Lak Delta
 - Glimmerglass
 - Lak Gilbert
 - Plaj Verona
- Southern Tier
- Chenango Valley
- Central
- Green Lakes
 - Fair Haven
- Finger Lakes
- Espas divèsyon lak Seneca
- Western New York
- Beaver Island
 - Woodlawn

Rele davans pou w konfime èdtan yo paske disponiblite pou naje yo ka chanje akòz move tan ak lòt kondisyon.

Avèk yon ogmantasyon nan obsèvasyon reken tou pre plaj Long Island, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo swiv [direktiv sou sekirite reken](#) sa a:

- Evite zòn ki gen fòk yo.
- Evite zòn ki gen gwoup pwason, ekabousi pwason oswa plonje zwazo maritim yo.
- Evite naje lè solèy kouche, lannuit ak bonè nan maten.
- Evite dlo twoub.
- Naje, navige nan kannòt ak sife an gwoup.
- Rete toupre rivaj la, kote pye w ka touche fon an.
- Toujou swiv enstriksyon sovètè yo ak anplwaye pak la.

Semèn pase a, Gouvènè Hochul [te anonse](#) pak eta yo te mete anplas resous siveyans adisyonèl nan ete sa a, sa gen ladan pou pwoteje vizitè yo kont entèraksyon negatif reken yo:

- Yon lòt dis dwòn pral plis pase double uit ki aktyèlman an operasyon yo.

- Yon nouvo dwòn ki asiye bay Lapolis Park la se yon gwo dwòn antrepriz ki gen imaj tèmik, deteksyon lazè, ak kamera bon jan kalite pou pèmèt siveyans lannwit ak patwouy nan kondisyon move tan. Dwòn sa a kapab lage aparèy flotezon pèsònèl tou nan ka ijans.
- Kounye a, 21 anplwaye ki gen ladan ofisye Lapolis Pak yo, ekip operasyonèl Pak Eta, sovtè ak operatè dwòn sètifye yo resevwa fòmasyon. Yon lòt 12 manm ekip la pral fòme anvan wikenn fèt 4 jiyè a.
- Edikatè Anviwònman Pak Eta yo ap fè sansibilizasyon piblik konsènan abita reken pou moun ki nan Jones Beach, Robert Moses ak Sunken Meadow ete sa a.
- Yo te asiye de nouvo Yamaha WaveRunner bay sovtè yo pou patwouye Jones Beach ak Pak Eta Robert Moses. De bato pèsònèl sa yo pral rejwenn youn ki deja an fonksyon nan Pak Eta Sunken Meadow.
- Gen zòn tanpon siplemantè ki pral kreye ant zòn pou naje yo ak zòn lapèch sif yo.
- Lòske gen obsèvasyon, Avyasyon Lapolis Eta New York la ap disponib pou entèvni jan sa nesesè.

Lòt konsèy sekirite sou naje pou tout plaj, pisin ak kò dlo yo enkli:

- Rete pwoaktif.
 - Asire w ke tout moun nan gwoup ou konnen ki jan pou yo naje.
 - Chwazi koulè vif pou rad de ben. Pou pisin ki gen fon klè, woz neyon ak oranj neyon gen tandans ofri plis vizibilite. Pou lak ak pisin ki gen fon nwa, oranj neyon, vèt neyon ak jòn neyon yo se sa ki pi vizib yo.
 - Konsidere aprann CPR (Reyanimasyon Kadyo-pilmonè). Nan yon sitiyasyon ijans, chak segonn konte.
- Ou dwe konsyan de kondisyon yo.
 - Naje nan oseyan se pa menm bagay ak naje nan pisin, kidonk prepare pou vag pwisan, gwo zonn ak gout toudenkou.
 - Kouran retou yo fòme anjeneral toupre yon pwèn ki pa fon nan dlo a, epi yo ka rive nan nenpòt plaj avèk vag k ap kraze, ki gen ladan Great Lakes. Si ou kwense nan yon kouran, eseye rete kalm epi pa goumen kont li. Naje paralèl ak rivaj la jiskaske ou soti nan kouran an, epi flote oswa mache nan dlo si ou kòmanse fatige.
 - Rete lwen bò dlo a. Wòch ki dechire, ki glise ak dlo twoub kapab danjere.
- Ou dwe okouran de règ yo.
 - Naje sèlman nan zòn ki deziyen, epi sèlman lè gen yon sovtè an sèvis. Zòn naje entèdi yo souvan gen danje tankou kouran anba dlo ajite, fredri ekstrèm ak pwofondè ki varye anpil. Danje sa yo ka mete menm bon naje yo an danje.
 - Chwazi yon kote pou naje ki toupre yon sovtè pou vizibilite maksimòm. Toujou swiv enstriksyon yo epi asire ke nenpòt timoun w ap naje avèk li fè menm bagay la.
 - Veye drapo avètisman yo epi konnen sa yo vle di. Drapo vèt yo souvan make zòn pou benyen ki deziyen yo - asire ou naje ant drapo vèt yo. Drapo jòn yo ka endike yon plaj sif oswa yon avi. Drapo wouj yo endike

yon danje oswa risk. Deziyasyon drapo yo ka varye, kidonk asire ou konprann kòd koulè a anvan ou plonje.

- Rete atantif.
 - Toujou naje ak tèt klè.
 - Si w ap naje avèk timoun, deziyen yon "siveyan dlo" ki ap toujou voye yon je sou timoun yo. Moun sa a pa ta dwe ap li, sèvi ak telefòn, oswa fè anyen men sèlman ap obsève. Pa janm kite timoun yo naje poukont yo.
 - Konnen siy pwoblèm yo: Pandan ke nou gen tandans panse ke najè ki nan pwoblèm yo pral leve men yo ak fè anpil bri, sa ka pa toujou konsa. Fè atansyon ak moun ki gen tèt yo ba nan dlo a (bouch yo anba dlo) oswa ki panche dèyè ak bouch ouvè, je fèmèn oswa ki pa kapab konsantre, janm vètikal nan dlo a, oswa ki ap eseye naje men pa fè pwogrè.

Gouvènè Hochul ankouraje Nouyòkè yo patisipe nan Espektak Ayeryen Bethpage la nan Jones Beach, youn nan evènman ki pi popilè nan Long Island. Kòmanse chak wikenn Jounen Memoryal la, evènman sa a atire plizyè milye vizitè sou plaj Long Island yo pou selebre kòmansman ete a epi atire atansyon sou fanmi militè yo ansanm ak onore moun k ap sèvi peyi nou an. Espektak Ayeryen Bethpage 2023 a pral fèt samdi 27 me ak dimanch 28 me soti 10 a.m. rive 3 p.m. k ap prezante Fòs Ayeryen Ameriken Thunderbirds ak yon seri atisè militè ak sivil. Pou plis enfòmasyon, vizite <https://bethpageairshow.com/>.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) la nan Eta New York sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, tèren gòlf, ranp lansman bato ak plis bagay toujou, ki resevwa vizit rekò 79.5 milyon moun an 2022. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa ale sou www.parks.ny.gov, konekte avèk nou sou [Facebook](#), oswa swiv nou sou [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418